



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN REJYON MOHAWK VALLEY YO NAN KAD SETYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA AK DEZYÈM FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA**

***Herkimer pral resevwa 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la; Boonville ak Richfield pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak nan pwogram NY Forward la***

***Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global devlopman ekonomik ak kwasans kominotè Eta a***

***Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Herkimer pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Mid-Hudson lan nan setyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, ansanm ak Boonville ak Richfield kòm gayan NY Forward pou Rejyon Mid-Hudson, k ap resevwa 4.5 milyon dola yo chak. Nan 7èm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi Eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI a, ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon pwojè imedya pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak kominote riral yo. Avèk angajman Gouvènè a ane sa ki se 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Eta a te investi kounye a yon total konbine 1 milya dola nan tou de pwogram yo depi kòmansman yo. Gouvènè a te pwopoze yon lòt 100 milyon dola pou chak pwogram, ki totalize 200 milyon dola, nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 li a.

"Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, n ap ede kominote yo transfòme anba lavil yo ak pwomilge vizyon lespwa ki pa t ap posib yon lòt jan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral sipòte Herkimer, Boonville, ak

Richfield pandan y ap reyalize plan yo pou amelyore kalite lavi Nouyòkè yo nan kominote yo, atire vizitè yo, epi ankouraje opòtinite ekonomik pou jenerasyon k ap vini yo."

### **Prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi la pou Herkimer**

Vilaj Herkimer reprezante tèt li kòm "Yon bijou ki gen plizyè aspè," yon non ki te klèman transmèt nan aplikasyon DRI li a. Depi premye soumision li a, Vilaj la te franchi plizyè etap enpresyonan pou amelyore aplikasyon li epi demontre li pare pou aplike yon prim DRI, ki gen ladan—konplete yon Plan Direktè estratejik; k ap resevwa finansman pou devlope yon Plan Zòn Opòtinite Sit ki Pa Itilize Depatman Eta New York; revize kòd dekoupaj zòn li yo; rafine pwojè li pwopoze yo; sekirize angajman pou investisman sektè prive; ak agrandi angajman kominote a. Pwojè ak estrateji nan aplikasyon an konsantre sou atire travay ki nesèsè yo ak devlopman ekonomik nan anba lavi la atravè investisman nan pwopriyete ki tankou ankraj, kwasans antreprenaryal ak fasilite pou mache; amelyore eksperyans kiltirèl anba lavi la; konekte anba lavi la ak byen lwazi yo, tankou Mohawk River, Erie Canal ak West Canada Creek; ak amelyore pòtay anba lavi ki akeyi biznis, rezidan yo ak vizitè yo.

Herkimer te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavi li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Yo rejwenn Oneonta, Rome, Amsterdam, Utica, Gloversville, Little Falls ak Clinton/Kirkland, ki te gayan Mohawk Valley nan premye sis faz DRI yo.

Herkimer pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavi li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavi la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè avanse vizyon kominote a pou anba lavi li a epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan yo pou setyèm faz DRI a pral fini an 2024.

### **Prim 4.5 milyon dola NY Forward pou Boonville ak Richfield**

Aplikasyon Vilaj Boonville la—ki gen tit, "Nou nan Fen Wout la" (We're Just Up the Road)—ap chèche transfòme anba lavi li an yon destinasyon atiran pou touris yo ak rezidan yo, ki bati sou repitasyon li kòm yon sant pou touris ak lwazi, ansanm ak Pòtay nan Adirondacks. Sibvansyon sektè piblik anvan yo te ede poze fondasyon pou revitalizasyon ak siksè nan renovasyon pwopriyete ki gen itilizasyon melanje, amelyore pak, amelyore kalite dlo, mete ajou plan global Vilaj/Vil la ak prensip kwasans entelijan epi atenn deziyasyon Kominote Enèji Pwòp. Refere tèt li kòm "adapte pou mache, monte bisiklèt, adorab," destinasyon anba lavi Vilaj la ak ekipman yo pa janm plis pase yon distans 10 oswa 20 minit a pye. Atravè prim NY Forward sa a, Vilaj la anvizaje

amelyore enfrastrikti ki adapte pou pyeton yo, elaji opòtinite pou ti biznis yo ak amelyore espas piblik yo avèk anpil aktivite kiltirèl.

Zòn Anba Lavi Greater Richfield Springs—ki sitiye nan Vil Richfield ak Vilaj Richfield Springs—se yon ti kominote ki gen yon gwo pasyon pou revitalizasyon Main Street li a. Prim NY Forward Richfield la pral bati sou envestisman piblik ak envestisman anvan yo ki te mete an mouvman pwosesis revitalizasyon an. Pwojè ak objektif yo idantifye nan aplikasyon li a konsantre sou amelyorasyon nan domèn piblik la atravè amelyorasyon nan peyizaj lari yo; reyitilizasyon adapte bilding ki egziste deja; ogmante kapasite pou mache ak monte bisiklèt pou ankouraje sante piblik ak byennèt; ogmante dirabilite ak diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik; sipò pou kwasans ti biznis nan zòn anba lavi la; epi ogmante konsyantizasyon, ak apresyasyon pou orijin kiltirèl divèsifye li yo.

Boonville ak Richfield yo chak te resevwa 4.5 milyon dola nan finansman ak envestisman eta a pou revitalize katye anba lavi pa yo epi jenere nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Yo rejwenn Cooperstown, Sharon Springs ak Dolgeville, ki te gayan Mohawk Valley nan premye faz NY Forward la.

Boonville ak Richfield pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavi yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

**Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Sa ki separe Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi nou an ak pwogram New York Forward nou yo de lòt yo se lefèt ke se kominote yo k ap travay ansanm pou devlope yon plan pou rekòmanse pwòp revitalizasyon pa yo. Lè nou anbrase anviwònman yo, selebre istwa ak kilti rich yo ak panse yon fason kreyatif, nou konnen Herkimer, Boonville ak Richfield pral pote nouvo lavi nan anba lavi yo. Felisitasyon epi Depatman Deta a pa ka tann pou l ede w pandan w ap anbake nan nouvo pakou sa a."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Prim DRI ak NY Forward yo pral ede reyalize vizyon plizyè aspè Herkimer ak ki gen enpak la epi ogmante aparans Boonville ak Richfield pou rezidan yo ak vizitè yo. Kominote Mohawk Valley sa yo pare pou ranfòse ekonomi lokal yo grasa amelyorasyon anba lavi yo ki pral refilete tou yon apresyasyon pou divès kilti epi ki pral fè bèl pye lwazi rejyon an briye ankò plis."

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Prim DRI ak NY Forward pou Herkimer, Boonville, ak Richfield pral bay vil ak

vilaj Mohawk Valley sa yo investisman ki sible ki pral estimile pwovizyon lojman ak kwasans ekonomik, ki gen ladan renovasyon bilding ki gen itilizasyon melanje, reyitilizasyon adaptab estrikti ki egziste deja yo ak modènizasyon kòd dekoupaj an zòn lokal yo. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou sipòte ekonomi lokal yo ak revitalize anba lavil New York yo atravè tout rejyon Eta nou an."

**Ko-prezidan MVREDC, Lawrence T. Gilroy III, Prezidan Gilroy, Kernan & Gilroy, Inc. ak Doktè Marion Terenzio, Prezidan SUNY Cobleskill, te deklare,** "Nou kontan wè lide vizyonè yo prezante pou Herkimer, Boonville ak Richfield rekonèt nan dènye seri prim DRI ak NY Forward sa a. Soti nan vizitè ki sou wout yo pou yon avanti nan Adirondack oswa bò lanmè, rive nan rezidan k ap chèche pi bon aksè a tout sa kominote sa yo gen pou ofri yo, finansman sa a pral alimante plan transfòmasyon ki pral kreye anba lavil ki pi dinamik kounye a ak pou lavni."

**Direktè New York State Canal Corporation, Brian U. Stratton, te deklare,** "Konstriksyon Kanal Erie a te jwe yon wòl enpòtan nan devlope anpil kominote atravè Mohawk Valley, ki gen ladan Vilaj Herkimer. Investisman yo k ap fèt atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap pèmèt minisipalite sa yo gen opòtinite pou yo pwofite pozisyon yo sou kanal la pou rezidan jodi a ak jenerasyon alavni yo gen yon kote dinamik pou yo rele lakay yo."

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Mwen onore pou m reprezante yon pati nan Mohawk Valley ki gen ladan Vil Richfield ak Vilaj Richfield Springs – epi investisman eta a pral amelyore plis distri anba lavil istorik la ansanm ak tout rejyon an. Lidè lokal nou yo te devlope yon plan gayan ki montre yon vizyon konvenkan pou devlopman ekonomik, kwasans kominote a ak dirabilite. Ti kominote riral New York yo se jwayo ak motè ekonomik, li enpòtan pou eta a rekonèt enpòtans yo epi kontinye ede yo pwospere atravè pwogram tankou NY Forward."

**Senatè Eta a, Joe Griffo, te deklare,** "Antanke yon ansyen majistra, mwen konnen difikilte gouvènman lokal yo fè fas nan eta a. Finansman sa a pral amelyore ak ranfòse kominote Boonville la epi ede yo pozisyon li pou yon avni meyè."

**Manm Asanble Ken Blankenbush te deklare,** "Felisitasyon Boonville dèske li te resevwa prim NY Forward la. Vilaj Boonville se yon ti kominote ki gen yon gwo enflyans istorik nan Konte Oneida. Mwen onore pou m te sipòte w pandan faz aplikasyon yo, epi mwen konnen rezidan yo kontan kontinye plizyè pwòje nan zòn anba lavil la ki vize revitalize fyète kominote a ak amelyore enfrastrikti lokal yo. Investisman enpòtan sa a pwomèt atire touris, montre kilti inik vil la ak elaji ekipman pou tout moun. Mwen pa ka tann pou m wè vizyon an finalman reyalize epi pou m vizite Main Street District apre renovasyon yo."

**Manm Asanble Robert Smullen te deklare,** "Mwen trè fyè pou m wè vilaj Herkimer epi bèl kominote nou an pral resevwa finansman sa a pou efò revitalizasyon anba lavil yo. Pou biznis lokal nou yo ak rezidan yo, ak tout touris ki vizite ane apre ane, finansman sa a pral kreye nouvo opòtinite travay, amelyore enfrastrikti, ajoute nan kilti ak istwa rich

vilaj la epi trase wout la pou plis fanmi yo etabli rasin nan zòn sa a. Mwen pa ka tann pou m wè ki kote finansman sa a ak efò revitalizasyon sa yo mennen nou nan yon avni ki pwòch."

**Manm Asanble Brian Miller, te deklare,** "Angajman eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) ak Pwogram NY Forward la mete aksan sou devouman enkondisyonèl pou ankouraje kominote lokal yo epi asire yon avni ki pi briyan ak pwospè pou minisipalite tankou Herkimer, Richfield, Boonville ak rezidan yo. Prim DRI 10 milyon dola pou Herkimer a se yon temwayaj sou devouman vilaj la , ki te planifye yon fason estratejik pou aplike pwojè pou revitalize anba lavil li a. Kòm syèj konte a, Herkimer kenbe yon wòl esansyèl epi prim sa a prezante yon opòtinite an lò pou refòme vilaj la nan pou tounen yon sant pwospè. Sa a se yon katalizè pou chanjman transfòmatè. Soti nan pwopriyete ankraj la jiska fasilite pu mache, investisman sa a pral atire djòb, biznis, epi konekte kominote a ak byen lwazi, pandan y ap ankouraje yon anviwònman dinamik ak akeyan ki yon lòt fwa ankò reprezante fyète kominote a. Prim 4.5 milyon dola NY Forward pou Richfield ak Boonville yo reflekte yon vizyon pataje pou enfrastrikti ki adapte pou pyeton yo ak kwasans ti biznis yo. Investisman sa yo make pa sèlman dola, men pwomès revitalizasyon, kwasans, ak yon avni pi briyan pou kominote k ap chanje nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak lidè minisipalite sa yo paske yo pran tan pou investi nan kominote nou yo."

**Majistra Vilaj Herkimer, Dana Sherry, te deklare,** "Mwen onore dèske Gouvènè a ta chwazi Vilaj Herkimer kòm benefisyè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. DRI kanpe kòm yon investisman transfòmatè ki pral benefisye anpil jenerasyon k ap vini yo. N ap tann plis konsèy nan men biwo Gouvènè a ak Empire State Development pandan n ap kòmanse renesans Vilaj Herkimer a."

**Majistra Vilaj Boonville, Judith Dellerba, te deklare,** "Nou rekonesan anpil dèske Gouvènè Hochul te enterese nan ti vilaj nou an epi wè potansyèl pou avni Boonville. Prim jenere ki soti nan NY Forward pral pèmèt nou antre nan pwojè transfòmatè ki pral gen yon enpak pozitif sou lavi sitwayen nou yo epi ranfòse estrikti kominote Boonville la. Nouvo patenarya sa a ant Vilaj Boonville ak biwo Gouvènè Hochul la montre yon vizyon pataje pou yon avni ki pi briyan, epi ansanm n ap travay san pran souf pou maksimize enpak finansman sa a, asire li rive nan chak kwen nan vilaj nou an, epi kite yon eritaj dirab pou jenerasyon k ap vini yo."

**Majistra Vilaj Richfield Springs, Richard Spencer, te deklare,** "Mwen ta renmen pwofite okazyon sa a pou m remèsye Gouvènè Hochul pou konsiderasyon ak sipò li nan gwo efò sa a. Pou deseni ki sot pase a, Vilaj ak Vil Richfield Springs te kolabore sou plizyè inisyativ ansanm pou ranfòse kominote nou an epi pote pwosperite pou rezidan nou yo. Nou te fè pwogrè nan efò sa a, epi prim sa a pral pèmèt nou fè gwo pa an avan pou etabli Richfield Springs kòm ankraj nò Konte Otsego ak yon gwo pòtay nan Mohawk Valley."

**Sipèvizè Vil Richfield, Larry Frigault, te deklare,** "Sibvansyon sa a pral pèmèt ti kominote nou an dekrete yon kantite pwojè ki pral benefisye kominote nou an nan

domèn lojman, devlopman ekonomik ak lwazi. Chak nan pwojè sa yo pral ede amelyore kalite lavi nan Richfield. Mwen ta renmen remèsye Dan Sullivan ak anpil moun ki te travay sou sibvansyon sa a. Nan non Vil la, mèsè a Gouvènè Hochul ak ofisyèl ki enplike yo paske yo te sipòte Richfield epi yo te ba nou opòtinite pou amelyore kominote nou an."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley (Mohawk Valley Regional Economic Development Council, MVREDC) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif sou pwopozisyon ke kominote nan tout rejyon an te soumèt, epi li te konsidere tout kritè sa yo anvan li rekòmande kominote sa yo antanke benefisyè:

- Anba lavil la dwe konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi mete anplis politik k ap ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi;
- Minisipalite a dwe te fè yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti sou yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis pwojè ak inisyativ preliminè k ap kapab antre nan yon Plan Envetisman Estratejik;
- Minisipalite a te idantifye pwojè ki pote transfòmasyon k ap pare pou mete anplis akoutèm avèk yon enjeksyon fonDRI oswa fon NY Forward yo; epi
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon an epi mete pwojè yo anplis, ansanm ak kapasite pou sipèvizè kontra yo pou pwojè minisipal yo atribye yo.

### **Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la**

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan sis premye ane pwogram nan, eta a te angaje 700 milyon dola nan 69 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak pi gwo divèsite ekonomik ak lojman ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik

Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo. [Enfòmasyon sou DRI a disponib isit la.](#)

### **Konsènan Pwogram NY Forward la**

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan politik devlopman ekonomik Eta a. Pwogram nan travay dekonsè ak DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon sant vil ki pi piti ak rural yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye nan efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, kalite lavi ak divèsite sosyo-ekonomik.

Yon fwa yo atribiye, kominote NY Forward yo soutni pa yon konsiltan planifikasyon pwofesyonèl ak yon ekip ekspè ajans Eta k ap dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS) pou devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki gen ladann yon seri pwojè transfòmatif, konplèmantè epi ki fasil pou egzekite. Pwojè NY Forward yo adapte yon fason ki apwopriye pou gwosè chak kominote; pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa ki amelyore ak lòt pwojè ki amelyore kalite kiltirèl ak istorik espesifik ki defini ak distenge cham ti vil ki defini minisipalite sa yo.

Plan ak pwojè Envestisman Estratejik yo se yon Komite Planifikasyon Lokal ki pilote yo, ki mennen anpil sansibilizasyon ak angajman nan kominote a. Depatman Deta bay tou anpil asistans teknik ak webimè pou ranfòse kapasite yo — ki gen anplwaye, ekspè ak kamarad nan kominote DRI yo — ki vize pou sipòte kominote ki ka gen mwens resous ak kapasite pase pi gwo kominote iben yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418